

You bi small pikin if you neva reach 18 years



DI PIKIN DEM WEY NO GET PAPA OR MAMA FOR BELGIUM

NA WETIN BI YOR RIGHT?

A semi-circular arc with a dashed white border separates the top yellow section from the bottom section. Below the arc, four hands of different colors (light green, light yellow, light orange, and light red) are shown reaching out towards the center. The background of this section is a gradient from light green on the left to light red on the right.

DIS
NA
SOME ADVICE
AND CONTACT
INFOMATION WEY
FIT HELP YOU



European Union sef put money down



YOU GET RIGHT TO TALK YOR MIND



Pesin wey tanda like papa or mama for you or social woker go help you decide tins wit you and for you

Profeshonals (police, lawya, pesin wey tanda like papa or mama, social worker, judge, doctor, etc.) bi di kain peple you fit trust

You get right to free lawyer

You get right to free interpreter

Organisations sef go help find you free tins (food, house to stay, place to baf, doctor, school...) dem go see say dem respect yor right sef

Dem no go punish you for di bad bad tins wey anoda pesin force you do

NO ALLOW FEAR CATCH YOU

If you need
Help kwick kwick

make you call 101
or
112

NO DO LIKE
MUMU MAKE YOU
CLAIM YOR RIGHT!





Di police dem dey to hear wetin you wan talk and to protect you if you dey fear pesin or pesin don use you, e no matter di country wey you from come. Dem no go do you bad or try play you wayo.

POLICE

101

OR

112

OFFICE DES
ÉTRANGERS
VREEMDELINGEN
ZAKEN

(Immigration Office)

Chaussée d'Anvers, 59B
1000 Brussels

02/793.80.00

infodesk@ibz.fgov.be

NA WETIN BI HUMAN TRAFFICKING SEF?

Pesin fit don dey use you or yor friends sef inside dis trafficking tin, wey bi say una no sabi sef.

You don dey inside condision wey make you:
➤ do kpokirikpo or tins wey resemble am?
➤ do difren work (like house girl work, baby nurse, factory work or work for place wey dem dey chop)?

- beg beg, teif or do bad tins?
- plant, carry or sell drug?
- comot organ for yor bodi go sell?
- work or do oda tins to take pay back money wey you owe?

Pesin dey give you or yor family palava? If you fit say "yes" to any of dis question dem, you fit bi victim of trafficking.

Human trafficking na serious trouble wey dey spoil pesin right.

Human trafficking na serious trouble wey dey spoil pesin right. Talk to profeshonal you trust or to di organisations dem write put here if di tin dey worry you, make dem for stop am, and protect oda small small pikin too.

FEDASIL

(Federal Agency for the reception of asylum seekers)

Chaussée d'Anvers, 57
1000 Brussels

02/793.82.40

or **02/213.44.11**

info@fedasil.be



SÛRYA

Liège

Rue Rouveroy, 2
4000 Liège

04/232.40.30

<http://asblsurya.org>



PAG-ASA

Brussels

Rue des Alexiens, 16B
1000 Brussels

02/511.64.64

<http://pag-asa.be>



PAYOKE

Antwerp

Leguit, 4
2000 Antwerpen

03/201.16.90

<http://payoke.be>



- If na from anoda country you from come, you fit need paper to stay for Belgium.
- Make you for get paper to stay dia, you fit need to go to di Immigration Office make you tell dem your story. If you no get papa or mama for Belgium, di Immigration Office go contact di Guardianship Service make dem find you pesin to stand like papa or mama for you.
- With di pesin wey dem find for you una go talk about how you fit get paper to stay for di country.

No forget say, no be until you get paper before di child protection system go care for you.

ABOUT PAPER TO LIVE FOR DI COUNTRY





For Belgium, pikin wey no get pesin like im papa or mama, dem fit find am pesin wey go tanda as papa or mama for am until dem reach 18.

Na dis pesin wey tanda for you na im go help you apply for paper to stay for di country and im go see say you fit go school, hospital/psychological care, and find better place to live. Dis man or woman na pesin wey you fit trust as im go tanda wit you and for you.

If you no like as di pesin dey do make you talk to di peple for di Guardianship Service. If wahala happen wit di pesin wey tanda wit you make you go meet dem by yor sef or anoda pesin to follow you to di Judge of Peace make dem find you anoda pesin.

For Belgium, every pikin get right to free lawyer and a free interpreter. Di information wey you share wit dem na secret dem go do am (dem must not tell anoda pesin) unless na to protect you.



MAISONS DE
JUSTICE
JUSTITIEHUIZEN
(JUSTICE HOUSES)

www.maisonsdejustice.be
www.justitiehuisen.be

BUREAU D'AIDE
JURIDIQUE

Brussels/Wallonia

<http://avocats.be/fr/bureau-reaux-daide-juridique-baj>

SERVICE
DES TUTELLES
DIENST VOOGDIJ
(GUARDIANSHIP
SERVICE)

Boulevard de Waterloo, 115
1000 Brussels

078/15.43.24

tutelles@just.fgov.be

JUGE DE PAIX
VREDERECHTER
(JUDGE OF PEACE)

<http://tribunaux-rechtbanken.be>

For dis organisation wey dem write for down, you go meet social workers and other pikin dem. Di Social workers go make sure say you safe and chop dey, house to live dey, place to baf, and school, and better profeshonals (like papa and mama, lawyers).

SERVICES D'AIDE EN
MILIEU OUVERT
(AMO)

Brussels

<http://amobxl.be>

Wallonia

[http://pro.guidesocial.be/
associations/services-
d-aide-milieu-ouvert-
amo-1580.html](http://pro.guidesocial.be/associations/services-d-aide-milieu-ouvert-amo-1580.html)

CENTRA ALGEMEEN
WELZIJNSWERK
(CAW)


Flanders

<http://caw.be/zoek-je-hulp>

ABOUT SOCIAL WORKERS



As pikin, you get right to go hospital free and to go school free. Anybodi wey neva reach 18 must go school for Belgium. Di pesin wey stand for you as papa or mama go see sey you fit go hospital and school.



As you bi pikin e get difrent protection for you. But sha goverment dem go want check yor age first to sure say na true say you bi pikin. Dat na why, e better make you dey talk true about yor age.

You get right to tell dem say you no gree about di result of di age exam. Make you ask di pesin wey tanda for you or pesin you trust to help you.

You fit talk say you no want do di age exam but e fit make dem tink say you no be small pikin.

IF YOU NEED ADVICE OR HELP

Sometimes one tin fit dey happen make anoda one come show face wey you no expect. E get difrent organization wey fit help you solve di problem!



PLATE-FORME
MINEURS EN EXIL
PLATFORM
KINDEREN OP
DE VLUCHT

02/210.94.91

<http://mineursenexil.be>



SERVICE DROIT
DES JEUNES
(SDJ)

Brussels/Wallonia

<http://www.sdj.be>



JONGEREN ADVIES
CENTRUM
(JAC)

Brussels/Flanders

<http://jac.be>



IF YOU DEY FEAR OR YOU NEED PROTECTION

INFO-CONTACTS



SERVICE D'AIDE À LA JEUNESSE (SAJ)

Brussels/Wallonia

<http://www.aidealajeunesse.cfwb.be/index.php?id=359>

JONGEREN EN WELZIJN

Brussels/Flanders

<http://www.wvg.vlaanderen.be/jongerenwelzijn/jeugdhulp/intersectorale-toegangspoort/>







INFO-CONTACTS

Imprimé par Air France / Printed by Air France

<http://graphiste-siteweb.com>



Na di European Union peple put money down take make dis book for yor hand. All di tins wey dem write inside na ECPAT France and im people for ReACT project like : ECPAT Belgium, ECPAT Germany, ECPAT Netherlands and ECPAT UK get am, but no bi say na from European Union mouth di tins from comot.

